

Rezime reyinyon komite: Ane lekòl 2025-2026

Enfòmasyon ak kalandriye reyinyon

Tout reyinyon yo ap kòmanse a 6:00pm (EST) epi y ap difize yo andirèk sou entènèt la (gade ([la a](#)). Ou ka jwenn plis enfòmasyon pou reyinyon chak mwa yo sou sit entènèt ki la a: [PEP - ORÈ REYINYON KOMITE](#). Sèvis entèpretasyon ap toujou disponib pou reyinyon komite yo. Si w bezwen sèvis pou lang ki poko disponib, tanpri kontakte nou nan: panel@schools.nyc.gov.

Tip reyinyon	Dat Reyinyon
Reyinyon chak mwa – Jiyè	23 jiyè 2025
Reyinyon chak mwa – Out	27 out 2025
Reyinyon chak mwa – Septanm	25 septanm 2025
Reyinyon chak mwa – Oktòb	29 oktòb 2025
Reyinyon chak mwa – Novanm	19 novanm 2025
Reyinyon sou itilizasyon lekòl	3 desanm 2025
Reyinyon chak mwa – Desanm	17 desanm 2025
Reyinyon chak mwa – Janvyè	28 janvyè 2026
Reyinyon sou itilizasyon lekòl	11 fevriye 2026
Reyinyon chak mwa – Fevriye	25 fevriye 2026
Reyinyon chak mwa – Mas	25 mas 2026
Reyinyon sou itilizasyon lekòl	15 avril 2026
Reyinyon chak mwa – Avril	29 avril 2026
Reyinyon sou itilizasyon lekòl	6 me 2026
Reyinyon chak mwa – Me	20 me 2026
Reyinyon chak mwa – Jen	17 jen 2026

Patisipasyon pou temwayaj piblik

Gen de diferan kalite temwayaj piblik anpèsòn nan yon reyinyon komite: kòmantè piblik (public comment) ak kòmantè san restriksyon (open comment). **Kòmantè piblik** fèt pou chak bagay ki nan ajanda ke komite a pral vote yo tankou kontra, pwopozisyon itilizasyon lekòl, oswa règleman Chanselye a. Manm piblik la ki enskri pou pale ap resevwa jiska de minit edmi (2:30) pandan tan ki apwopriye a nan reyinyon an. **Open Comment** anjeneral fèt nan fen yon reyinyon, apre yo fin vote sou tout pwen ki nan ajanda a. **Open Comment** fèt espesyalman pou pèmèt manm piblik la pale sou nenpòt sijè ki enterese yo jiska de minit (2:00). Anplis temwayaj anpèsòn, manm piblik la kapab voye ale toukòmantè piblik alekri dirèkteman bay tout komite a nenpòt ki lè.

Enskripsyon pou temwayaj piblik

Nenpòt moun ka enskri pou bay temwayaj anpèsòn pandan kòmantè piblik oswa ouvè. Moun ki vle pran lapawòl ap ka enskri soti 5:30 pou rive 6:15 p.m. (EST), y ap ka fè sa ni nan pòt lekòl k ap òganize li a ni sou entènèt sou sitwèb komite a. Se moun ki vle pran lapawòl sèlman ki ka mete non yo sou lis, epi se sèl moun ki mete non yo sou lis k ap kapab pran lapawòl pandan peryòd apwopriye a. Moun ki vle pale sou pwen espesifik pou vòt pandan kòmantè piblik la, ap gen dwa jiska de minit edmi (2:30) pandan pati reyinyon ki la pou sa. Pandan tan sa a, moun ki vle pale pandan Open Comment la ap gen dwa jiska de minit (2:00) pandan tan sa a nan reyinyon an.